

# MODEL PANGAJARAN MACA SAJAK DI SMP

Retty Isnendes

## A. Kurikulum SMP

Dina kurikulum SMP ngeunaan materi MACA SAJAK aya dina aspek MACA di kelas VIII. Titenan ieu Tabel di handap!

### 3. Membaca (Maca)

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
8.3 Mampu memahami dan menganggapi bacaan melalui membaca teks pahlawan/pejuang, wacana bertabel/bergrafik, <b>sajak</b> , dan <i>wawacan carita buhun</i> .	8.3.1 Membaca wacana tentang pahlawan/pejuang 8.3.2 Membaca wacana bertabel/grafik <b>8.3.3 Membacakan sajak (<i>poetry reading</i>)</b> 8.3.4 Membaca penggalan cerita <i>wawacan /carita buhun</i> lain.

## B. Model Pangajaran Apresiasi Sajak Sunda pikeun SMP

### 1. Kompetensi Dasar

Maca jeung Sajak

Siswa sina boga kamampuh pikeun maca, maham, jeung ngarespon (menanggapi) sajak. Hartina, siswa bisa ngalisankeun sajak dina teks, maham kana eusining eta sajak, sarta bisa ngarespon ku rupa-rupa tanggapan, boh pertanyaan, komentar, kritikan, jrrd.

### 2. Materi Lulugu

Teks Sajak (pikeun barudak SMP)

Materi pikeun dibaca, dicangkem/dipaham, jeung direspon nyaeta teks sajak. Eta sajak teh kudu luyu jeung eusina. Guru kudu neangan jeung milih tina sajak-sajak nu aya pikeun barudak SMP. Guru oge kudu ngalatih diri dina maca, nyangkem, jeung ngarespon eta teks sajak

samemeh dikomunikasikeun ka siswa. Hal eta pikeun ngaantisipasi hal-hal nu bakal jadi kahengker atawa kahese dina ngomunikasikeun teks sajak.

Siswa kelas VIII teh nyaeta siswa kelas 2 SMP nu umurna antara 12-15 taun. Dina ieu fase, biasana barudak teh geus katarik minat jeung bakatna kana dunya panalungtikan jeung umbaran kana dunya anyar. Dina fase ieu, siswa geus mikangen atawa muja-muja hiji hal. Barudak teh hanaang ku kecap-kecap nu endah, mimiti resep kana buku harian, mimiti resep uulinan jeung kecap-kecap nu endah. Dorongan jiwana nu mimiti hayang maju hayang leuwih nyaho kana realitas hirup, kadangkala nyurungkeun maranehna kana dunya nu salah atawa gampang keuna ku pangaruh negatif. Ku kituna, milih bahan ajar (materi ajar) oge kudu ati-ati.

- 1) Guru kudu milih bahan apresiasi budak kudu fokus kana substansi budak, nu ngawengku: 1) Pangalaman jiwa nu masih kawatesanan (heureut) tapi visiumna mekar nitenan dunya sakurilingna, ku kituna sajak-sajakna ge kudu saluyu jeung dunyana nu masih keneh kawatesanan tapi nawarkeun hal anyar (petualang, umbaran, nantang),
- 2) perlu maca karya-karya nu patalina jeung tema-tema kulawarga, ditambahan ku tema filosofis, cinta, ajen-ajen kahirupan atawa lingkungan sabudeureunana, jeung
- 3) tema-tema sastra kudu bisa mekarkeun imajinasi, bahan renungan, turta aya suri tuladeun pikeun siswa.

Conto-conto sajak pikeun barudak

## **PANANJUNG**

Karya Rachmat M. Sas Karana

I  
Ku endah laut  
Lauk ngibing sela-sela lukut  
    Ku endah pagunungan  
    Manuk ngelak dina dahan  
Laut jeung pagunungan  
Di Pananjung sasalaman

II  
Ku geugeut lauk di laut  
Manuk di leuweung siga nu taya kabingung  
Pikir marungkawut jeung hate guligah  
Sigana  
Ngan aya 'na diri urang  
Mahluk nu kangaranan manusa

*Bandung, Juli 1963*

## **LALAKI NU BALIK JURIT**

Karya Rachmat M. Sas Karana

Wanci layung hurung koneng  
Manehna datang leungeunna euweuh sapatong  
Bedil nyolengkrang na tonggong  
Pelor ngaberes handapeun cangkeng

Hiji lalaki bajuna hejo kapulas taneuh  
Di pangperangan taya waktu pikeun nyeuseuh  
Sakiceup waktu ngingintip langahna musuh  
Mun manehna masih keneh embung paeh

Lebah pager imahna manehna ngarandeg heula  
Uteukna nyarita mepes kanyeri nu baris tumiba  
"Ema, kuring untung bisa mulang  
Sedeng mitra rea nu palastra  
Di hiji taneuh nu direbut ditebus getih"

Panto hareup ngageret aya nu muka  
Hiji wanoja anu geus aya umurna  
Ngagoak lumpat ngarangkul anu ngajanteng  
Cimata indung maseuhan buuk anakna

Hiji lalaki bajuna hejo kapulas taneuh  
Wanci layung hurung koneng

Manehna datang dipapag cimata indung  
Sedeng na beungeutna taya gambar rasa tugenah  
1963

**BULAN TOK**

Chye Retty Isnendes

Nyawang bulan ti alun-alun Bandung  
katalikung jungkiringna waruga nyolok  
panon langit, lolong. Tuluy bulan sasab  
di leuweung pireu munara-munara beton  
Beu!  
Kalah wowotan ku sarebu neon jeung  
chiyoda buatan Nipon

Henjung ka ditu bulan. Ka lembur singkur  
ka pasisian. Nu pucuk-pucuk awina  
tingarulang. Nu tangkal-tangkalna  
ngarandakah ngagupayan.  
Andika bakal disambat diayeuh-ayeuh  
dipirig dibageakeun diarak disuka-suka  
dikawihan dinangna-nengne ku rasa  
Henjung!

:Bulan tok bulan tok  
aya bulan bet molohok, dicentok  
Bulan dung bulan dung  
aya bulan indit pundung, ditundung

Alun Bandung, 13 Nopember 1994

**BUDAK PAHATU**

Karya Yus Rusyana

Manuk kapinis ku naon teu hihiberan?  
Henteu Elu, kuring keur reureuh  
Hayang senang-senang di jero sayang

Manuk kapinis ti mana basa tadi hihiberan?  
Jauh Elu, nyaba ka itu ka gunung

Manuk kapinis neangan naon ka gunung?  
Dahareun Elu, ngarah awak teu teunangan

Manuk kapinis naha di gunung papanggih jeung indung kuring?  
Henteu Elu, henteu papanggih

Budak pahatu teh indit  
Leumpang mapay erel kareta  
Diharudum samping butut  
Bari teu kendat nyambat indungna

(keur Jang Aman jeung Jang Adi)

## **AKI JEUNG BALON**

Ami Raksanagara

beurat teuing léngkah aki ngukur jalan  
kota bandung geus biasa ku aki mah diléngkahan  
dibaturan sobat ngaran rancangan  
anu rantuy digantungan barang-barang kaulinan

kakapalan kukudaan tarompét henteu tinggaleun  
geus biasa unggal poé ka unggal budak nawarkeun  
ujang, eulis yeuh tingali barang aki  
geura galeuh keur ameng engké di bumi

aki! aki! abdi mah da hoyong balon  
deudeuh teuing kasép di aki mah henteu aya  
niupna gé aki mah geus teu kawasa  
ripuh teuing da kedah nganggo tanaga  
ari aki sakieu nya kakolotan

mending ogé kasép ieu yeuh kokolécéran  
lamun angin muterna téh aduh jeung tarik pisan  
resep teuing engké ameng lulumpatan

aki! ka dieu! kéténg da abdi mah moal meuli  
ulah kitu kasép bet abong ka aki-aki  
ceuk sepuh mah kasép ngaheureuyan téh pamali

hiji dua léngkahna teuing ku beurat  
aya haté milu lewang paur umurna bret pegat  
teuing di mana si aki tetep nya matuh  
boa dina iuh tanjung atawa dipayung layung  
ngan nu nyata kulitna asak ku poé

aki, mun ngajoprak sisi jalan saha teuing nu nulungan  
aki, mun ngajoprak di jambatan di mana nya pamatuhan  
aki, mun umur pegat di jalan saha anu ngarawatan  
aki! aki! rek ka mana lamun panon poé saré

3 Nopémber 1960

## GERILYA

Rachmat M. Sas. Karana

Ngabedega di wates desa  
diiket wulung dibeubeur sarung  
'na cangkengna bedog panjang  
leungeun nyekel bambu runcing  
ngajelegur sora mortir  
walanda pesta di kota  
hate nu jaga teu gimir  
nangtung ajeg 'na tempatna  
(dada lalaki leber ku getih kawani)  
susumbar tanggah ka langit  
gerentes kangen es ati  
"Demi asih ka taneuh kadeudeuh  
aing mo ingkah najan sajeujeuh"

Wanci subuh mortir reureuh  
walanda ngajorag desa  
pajar hibar  
lembur hibar  
(batan sumerah daek dijajah  
maranehna leuwih genah  
jadi lebu di tanah kadeudeuh)

Nu jaga di wates kota  
lastari dina seuneu revolusi  
kuburna teuing di mendi  
getihna 'na dada kula

Bandung, 4 Juni 1963

## **KURING ♥ LEMAH CAI**

Chye Retty Isnendes

Lemah  
    Lemah  
        Lemah  
Cai  
    Cai  
        Cai  
Lelemah  
    Lelemah  
        Lelemah  
Cacai  
    Cacai  
        Cacai  
Lemah  
    Cai  
        Lemah  
            Cai  
Lemah Cai

Ancik-ancikan diri  
Ngancikna dina ati  
Ancik-ancikan tresna  
Ngancikna dina sukma

Lemah Cai

Geura hirup  
Geura hurip  
Geura waras  
Geura waluya  
Rahayu jatining sira!  
Mugya

Sukawangi, 19 Juli 2006

### 3. Hasil Diajar

*Siswa mampu maca sajak Sunda*

*Siswa mampu maham sajak Sunda*

*Siswa bisa ngarespon sajak Sunda*

Hasil diajar nu hayang dihontal nyaeta:

- 1) siswa mampu maca sajak Sunda, kayaning nyumponan maca bedas wirahma, intonasi, purwakanti, jeung jeda/randegan, jeung sora nu eces-tembres, atawa paling saeutik, siswa mikawanoh kumaha cara maca sajak Sunda nu hade.
- 2) siswa mampu maham eusining sajak Sunda, tina hal struktur nu mere ma'na jeung eusina nu mangrupa ma'na,
- 3) siswa bisa ngarespon sajak Sunda, kayaning mere tanggapan nu mangrupa komentar, pertanyaan, kritikan, ngobrolkeun, ngadiskusikeun, nganalisis, atawa pangajen kana sajak Sunda.

Tapi tangtu bae, samemeh jadi alus maca bedasna teh, siswa kudu bisa maham eusining sajakna. Sanggeus paham kana eusining sajak, siswa bisa menghayati (ekspresif) waktu eta sajak dibacakeun. Jadi bisa jadi maca bedas jeung maham teh bulak-balik (berdialektika) dina prosesna mah.

Proses maham eusi sajak kudu dibaca ku cara maca dina jero hate (ngilo). Pamahaman eusi sajak nyaeta nyangkem eusi caritaan eta sajak ngeunaan:

- ✓ harti judul sajak
- ✓ kekecapan eta sajak
- ✓ tema eta sajak
- ✓ caritaan sajak
- ✓ gambaran-gambaran nu katingal, kaambeu, kakuping, karasa ku pancadria
- ✓ nada jeung rasa eta sajak
- ✓ lolongkrang imajinasi siswa kana eta sajak.



Sanggeus siswa paham kana eusining sajak, tangtuna siswa bakal gampil asup kana ulekan kaendahan eta sajak (menghayati), tur maca bedasna ge bakal merenah tur bisa ngarespon eta sajak.

#### 4. Indikator Kahontalna Hasil Diajar

Ciri siswa geus hasil diajarna:

- siswa bisa geus maca kalayan eces padalisan-padalisan jeung enjabemen dina teks sajak
- siswa bisa nyebutun unsur eusi anu ditanyakeun ku guru:
  - ✓ harti judul
  - ✓ harti kecap
  - ✓ tema sajak
  - ✓ caritaan
  - ✓ gambaran-gambaran indrawi dina sajak
  - ✓ nada jeung rasa
  - ✓ lolongkrang imajinasi kana sajak
- siswa mampuh mere respon (tanggapan) kana sajak Sunda nu dibaca.

#### 5. Kegiatan Diajar jeung Pedaran Materi

##### a. Kegiatan guru jeung siswa

1. Para siswa dititah maca dina jero hate teks sajak
2. Para siswa dititah maca bedas teks sajak (tanpa wirahma).  
Masing-masing bae, henteu kudu bareng
3. Hiji siswa sina maca sapadalisan (tanpa wirahma), tuluy dituturkeun ku sakabeh siswa. Kitu saterusna.
4. Guru/instruktur maca sapadalisan-sapadalisan (tanpa wirahma) tuluy dituturkeun ku siswa.
5. Siswa dititah maca dina jero hate deui pikeun nyangkem eusining sajak.
6. Guru nanyakeun unsur-unsur eusi
  - "Cing naon judul sajak tadi teh?"  
(siswa sina ngajawab)

- "Kira-kirana naon harti judul tadi teh?"  
(siswa sina ngajawab)
- "Aya kecap-kecap nu hese dipikahartina?"  
(siswa sina ngajawab)
- "Cing aya nu apa naon eta harti kecap bieu?"  
(siswa sina ngajawab)
- "Ceuk hidep, kira-kirana naon tema eta sajak?"  
(siswa sina ngajawab)
- "Nyaritakeun naon eta sajak teh?"  
(siswa sina nyaritakeun)
- "Cing aya gambaran indrawi naon bae dina eta sajak? Paneuteup/paningal, pangdenge/pangrungu, pangrasa (kulit/letah), pangambeu/pangangseu, gambaran pagawean/aktivitas, gambaran pikiran, gambaran perasaan.  
(siswa sina ngajawab) atawa guru nanya unsur-unsurna langsung)
  - ✓ "Naon nu ngibing dina sajak :Di Pananjung?"
  - ✓ "Bisaeun teu kira-kirana lauk ngibing siga penari jaipong?"
  - ✓ "Ari ngibing teh ngagerakkeun naon?" (gambaran aktivitas), jste.  
(siswa sina ngajawab)
- "Kumaha nada sajak "Lalaki nu Balik Jurit"?"  
(siswa sina ngajawab)
- "Pek caritakeun perasaan hidep mun jadi lalaki nu datang ti pangperangan bari leungeunna potong sabeulah? Kumaha mun jadi emana? Kumaha mun jadi bapana? Kumaha mun bedilna ujug-ujug ngabeledug? Jste." (siswa sina ngajawab)
- Kumaha mun hidep papanggih jeung budak pahatu?" (siswa sina ngajawab)
- Naha hidep rek nanya manuk kapinis siga budak pahatu dina sajak? (siswa sina ngajawab)

7. Para siswa disina maca bedas (ngawirahma). Diwakilan ku salasaurang atawa dicoba lima siswa.
8. Guru mere conto maca bedas (ngawirahma) kumaha randegan nu merenah dina tiap padalisan sajak (penghayatan jeung sora)
9. Para siswa dicoba disina maca bedas (ngawirahma) deui bari diperhatikeun selang surupna sora jeung telebna penghayatan. Kelas rame ku nu maca sajak.
10. Guru nitah siswa sangkan ngapalkeun eta sajak
11. Guru nunjuk siswa nu maca bedasna merenah sangkan ngadeklamasikeun eta sajak.
12. Siswa ngadeklamasikeun sajak.
13. Guru merhatikeun unsur penghayatan, sora, jeung peta siswa (penampilan).
14. Lamun guru ngarasa aya nu kurang merenah dina petana siswa, dibebenah deui ulesna, rindatna, gerakan leungeun, aktingna.
15. Siswa dicoba deui maca bedas ngawirahman atawa ngadeklamasikeun eta sajak.
16. Dumasar kana teks sajak, guru mingpin para siswa pikeun nganyahokeun:
  - Aya sabaraha gundukan/pada dina tek sajak
  - Sagundukna disebut pada.
  - Dina tiap gundukan aya sabaraha jajaran
  - Naha bet nyaritakeun hiji hal teh bet dijajar-jajar
  - Dina tiap jajaran aya sora-sora nu wirahmana ampir sarua. Siswa disina nitenan.
  - Sora-sora nu sarua teh disebutna konsonansi atawa aliterasi (adusari, aduraras, adumanis)
  - Aya kecap-kecap nu ngawirahma unggal jajaran/padalisan atawa pada. Siswa disina nengetan
  - Kecap-kecap nu ngawirahma di sajajaran disebutna rima atawa purwakanti rantayan, nu gelar didua jajar atawa leuwih (pada) disebutna purwakanti runtuyan.

- Aya purwakanti nu cicing di hareup, di tengah, di tukang. Siswa sina nitenan
  - Eta purwakanti kitu teh disebutna purwakanti wiwit (kecapna di hareup), purwakanti welit (kecapna aya di tengah), purwakanti wekas (tempatna aya di tukang)
  - Aya kecap nu lain saujratna (contona lauk ngibing).
  - Kecap kitu teh disebutna konotasi nu maksudna bisa jadi: lambang, tanda, simbol, kias, asosiasi, jrrd.)
  - Kecap konotasi oge jadi gaya basa dina eta sajak (ngupamakeun, mijalma, rarahulan, jrrd)
  - Gaya basa teh salian miboga fungsi basa oge jadi mamanis dina eta sajak.
17. Guru mere kasempetan ka siswa sangkan ngarespon sajak boh strukturna boh eusina, boh ku lisan boh ku tulisan ditepikeunana.
18. Mun ditepikeun ku lisan, guru kudu bisa mere pamancing, sangkan

## **b. Evaluasi**

Evaluasi dijalankeun dina sapanjang proses diajar, nyaeta dina:

- ✓ Maca bedas, dititenan tina unsur vokalisasina
- ✓ Maca maham, dititenan tina unsur penghayatan jeung jawaban-jawaban tina soal struktur jeung eusi sajak Sunda.
- ✓ Maca respon, dititenan tina tanggapan-tanggapanana kana sajak Sunda boh sacara lisan boh sacara tinulis.

## PABUKON

- Dinas Pendidikan Prov. Jawa Barat. 2007. *Panduan Penyusunan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan*. Bandung.
- Isnendes, Chye Retty. 2000. *Kidang Kawisaya*. Girimukti Pasaka: Jakarta.
- , 2007. "Kuring ♥ Lemah Cai" dina *Mun Dunya Bisa Nyarita*. Pasebban: Bandung.
- Karsana, Ano & Chye Retty Isnendes. 2008. *Lir Cahya Nyorot Eunteung*. Sonagar Press: Bandung.
- Rachmat M. Sas. Karana. 1990 (cet ka-4). *Tepung di Bandung*. Bandung: Rachmat Cijulang.
- , 1966. *Ombak Laut Kidul*. Tjupumanik: Bandung.
- Rusyana, Yus. 1970. "Bagbagan Puisi Mantra Sunda". Proyek Penelitian Pantun & Folklore Sunda.
- , 1992. *Buana nu Pinuh ku Mega*. Bandung: Geger Sunten.
- , 2006. "Model Pangajaran Apresiasi jeung Ekspresi Sastra pikeun SD Kelas Luhur". BPBD Disdik Provinsi Jawa Barat.
- Santosa, Drs. Puji. *Materi dan Pembelajaran Bahasa Indonesia*. Jakarta: Pusat Penerbitan UT.
- Sumardjo, Jakob & Saini KM. 1988. *Apresiasi Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.

## MODEL PANGAJARAN MACA SAJAK PIKEUN SD KELAS LUHUR

Ku  
Retty Isnendes, S.Pd., M. Hum.



BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH  
DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT  
2009